- **L'impartialité politique:** Les connotations politiques de la mission de LFHH l'interpelle à faire preuve de sagesse et de discernement en ce qui a trait à ses relations avec le gouvernement et les partis politiques. LFHH fait preuve d'indépendance dans sa recherche de collaboration avec tous les partis politiques, sans exception, et évite toute décision ou action aptes à engendrer des accusations de partisanerie.

- **Le service :** Croyant que « ***leadership*** » est synonyme de « ***service*** » et oeuvrant à promouvoir ce concept dans les sphères publique et privée de la société haïtienne, LFHH manifeste son souci de rendre service à la société haïtienne et au partenariat de TI par ses actions, programmes et projets et par sa disponibilité à répondre aux demandes d'appui provenant de l'Etat haïtien, des institutions locales, du Secrétariat et des autres sections nationales de TI.

Sources et références

Pour rédiger ce livret, LFHH a consulté et puisé dans les ouvrages et textes suivants:

- ***Combattre la corruption : les enjeux et les défis*** - adaptation française par les sections africaines et haïtienne de ***Transparency International*** du **TI Sourcebook** de Jeremy Pope, Edition Karthala (2002) ;
- ***L'Etat des lieux de la corruption en Haïti (2003)*** - rapport de sondages réalisés par LFHH, Francis Gratia & Associés pour LFHH (2004) ;
- ***On the cultural transmission of corruption*** - Esther Hauk et Maria Saez Marti, Stockholm School of Economics (1999) ;
- ***Haitian proverbs*** du site internet http://haitianproverbs.com/ ;
- ***Promouvoir la bonne gestion, lutter contre la corruption*** - discours de Dieter Frisch présenté au Séminaire «Transparence dans la Gestion des Affaires Publiques », à Dakar, Sénégal (1999);
- ***Human rights and business ethics: Fashioning a new social contract*** - TI working paper, Dr Wesley Cragg, TI Canada ;
- ***The costs of grand corruption*** - TI working paper, Dr George Stewart Moody;
- ***The role of business in fostering transparency*** - 9th IACC Papers, Durban, Afrique du Sud, Vladimir Bykov.

UNE DESCRIPTION DES SYSTÈMES D'INTÉGRITÉ

Les Piliers Institutionnels du Système National d'Intégrité

Pour plus d'informations sur LFHH, ses programmes et projets, pour recevoir son bulletin trimestriel « Transparence-Haïti », ou pour apporter votre appui au travail de la Fondation, prière de contacter son Secrétariat exécutif:

Boîte postale 16136
Bureau Postal de Pétion-Ville
Pétion-Ville, Haïti HT 6140
Courriel: heritagehaiti@yahoo.com
Téléphone: (509) 513-7089

KORIPSYON

LANVÈ KON LANDWAT

(LEKSIK PRATIK KORIPSYON)

Se:

LA FONDATION HÉRITAGE POUR HAÏTI (LFHH)
Le Centre pour l'Ethique et l'Intégrité Publique et Privée

Seksyon Ayisyèn :

Ki pibliye ti liv sa a, ak sipò:

Depo legal : No. 05-02-068
Bibliyotèk Nasyonal Dayiti
Enprime an fevriye 2005
Enprimri Medya-Tèks
No. 25, Ryèl Chavan, Pòtoprens, Ayiti

Tab dè Matyè

Avanpwopo ..... *Paj 1*

Entrodiksyon ..... *Paj 2*

Koripsyon ..... *Paj 4*

Lanvè kon landwat ..... *Paj 6*

Lide ki egziste nan sosyete a ki pèmet koripsyon pran rasin ..... *Paj 17*

Batay kont koripsyon ak pou konstwi yon kilti entegrite: obstak pou evite, ak nouvo zouti pou mennen konba a ..... *Paj 19*

Fondasyon Eritaj pou Ayiti (LFHH): Vizyon li, misyon li, prensip li ak valè fondalnatal li ..... *Paj 24*

Sous ak referans ..... *Paj 27*

Avanpwopo

Fondasyon Eritaj pou Ayiti (LFHH) Sant pou Etik ak Entegrite Piblik ak Prive, *seksyon ayisyèn* ***Transparency International (TI)*** *vle di tout manm ekip LFHH la yon gwo mèsi ki soti nan fon kè li pou kontribisyon yo nan reyalizasyon leksik sila, pou jan yo te montre yo pwofesyonel, ak pou angajman djanm yo nan batay kont koripsyon ki ap detwi peyi nou an.*

LFHH felisite ***Transparency International*** *epi li di li mèsi tou. TI se yon òganizasyon ki, nan 11 lane travay ak pèseverans epi enjenyozite, reyisi leve yon gwo defi ki fè ke koulyè a tout popilasyon tout kote nan le monn konprann pa gen mistè nan zafè koripsyon an, epi tou fè ke batay kont koripsyon an vin tounen yon priyorite ki pa ka pa la nan ajanda tout moun alawonbadè sou tè a ki genyen nan men yo pouvwa politik, ekonomik ak sosyal. Nou di* ***Sekretarya TI*** *la nan Bèlen mèsi tou deske li ap akonpaye tout jefò LFHH yo depi 1999 ak yon sipò teknik inestimab, san bliye remèsye tou misyon ann Ayiti* ***Ajans peyi Etazini pou Devlòpman Entènasyonal (USAID)*** *pou enpòtan sipò finansye li ap bay LFHH depi 2 lane, paske san sipò sila, Fondasyon an pa ta janm kapab lanse « Inisyativ Transparans pou Ayiti » li a nitou pibliye leksik sila.*

Mèsi anpil, nou tout.

Marilyn B. Allien
Prezidan
Fondasyon Eritaj pou Ayiti (LFHH) - Sant pou Etik ak Entegrite Piblik ak Prive.
Seksyon Ayisyèn Transparency International (TI)

Petyonvil, Ayiti
Fevrye 2005

Entwodiksyon

Koripsyon, se yon fenomèn ki, depi kèk tan, vin pran yon dimansyon ki enkyetan nan anpil peyi, e Ayiti pami peyi sa yo. Sa sitèlman enkyetan, ke genyen òganizasyon gouvènmantal ni tou òganizasyon non gouvènmantal ki chwazi pou misyon batay kont fenomèn sila nan nivo entènasyonal, rejyonal ak lokal.

Menm si koripsyon se yon pwoblèm ki ekziste tout kote nan le monn, li varye anpil selon peyi a. Figi li chanje selon òganizasyon an, enstitisyon an, nivo yerachik la ak peyi a. Konsekans koripsyon an varye tou selon peyi a. Men koripsyon, se pa nan sèvis piblik la sèlman li chita; genyen divès fòm koripsyon ki ekziste tou nan sektè prive a tankou nan sosyete sivil la. Li reprezante, sitou pou peyi pòv tankou Ayiti yo, yon madichon ki genyen konsekans grav sou devlòpman ekonomik, respè dwa fondalnatal yo, kalite lavi, souverennte lalwa, kredibilite ak estabilite enstitisyon yo, ni tou sou kapasite pou demokrasi a pran rasin. Li manje bòn gouvènans nan baz li pa anba, li defòme politik piblik yo, li detounen atribisyon resous yo, e li antrave evolisyon nan sektè piblik la tankou nan sektè prive a. Men, sitou, koripsyon, se moun ki pi pòv yo li frape. Premye viktim li yo, se popilasyon ki pi vilnerab yo, sitou sila ki pa genyen okenn mwayen pou yo defann tèt yo pòv yo, fèb yo, inosan yo ak majinalize yo.

Men, pou nou mennen yon batay kont madichon sila, fòk nou ka idantifye li byen, epi tou pwodui, gras ak rechèch (etid/sondaj), endikatè ki pou pèmèt rekonnèt fòm li yo, manifestasyon li yo, ak mekanik li yo, epi konprann sistèm ak estrikti ki pèmèt li dire (anrasine) yo. Se nan travay sila LFHH angaje li depi 2 lane, anplis lòt aktivite l'ap mennen nan zafè sansibilizasyon ak pledwaye pou refòm.

Sondaj ak atelye refleksyon LFHH reyalize yo sou koripsyon ann Ayiti an 2002, 2003 ak 2004 endike ke, nan lapratik, **kowonpi** yo, **koriptè** yo ak **koriptib** yo, diferan sektè sosyete ayisyèn la, an jeneral, konprann pwoblèm koripsyon an nan jan pa yo, deske jis tou lòt jou la, diskisyon sou sijè sila te prèske entèdi nan peyi a, ni tou deske lalwa ann Ayiti genyen defisyans pou sa ki konsène anpil pratik koripsyon.

Yon lòt bò, anpil etid ki reyalize tout kote nan lemonn pwouve ke pratik malonnèt soti nan diferan sous, tankou règ etik moun pa konprann, fo lide moun genyen sou pratik ekzanplè, epi tou konpòtman devyasyon moun chwazi pou yo adopte menm si yo konnen konpòtman sila yo pa bon.

Kòm LFHH reyalize ke li enpòtan pou nou konprann fenomèn sila lanvè kon landwat, nan jan li manifeste l ann Ayiti, pou nou ka defini yon estrateji pou pwovoke veritab transfòmasyon dirab nan mantalite nou ak nan konpòtman nou, LFHH pibliye leksik sila sou koripsyon ak sou diferan manifestasyon li yo ki ofanse etik menm sa lalwa ann Ayiti poko sanksyone. LFHH kwè ke pi fò Ayisyen yo, kit yo nan sektè piblik kit yo nan sektè prive, se de moun onèt ki vle zòt respekte entegrite yo, men ki bite, twò souvan, sou absans prensip /nòm etik, sou feblès lejislasyon peyi a ak sou zafè lalwa ki pa aplike.

Annatandan yo aktyalize lalwa ann Ayiti pou kèk pratik ka vin rekonnèt kòm pratik kriminèl, epi ke sistèm jidisyè a vin refòme pou enpinite ka sispann nan peyi a, nou espere leksik sila va sèvi pou debleye teren an, jete limyè sou pwoblèm koripsyon an, fè nou tout, grenn pa grenn epi ansanm, pran konsyans ke chak moun genyen reskonsablite pou li reziste devan tantasyon koripsyon yo, ni tou pou li batay kont madichon sila ki ap manje, a la baz menm, fonnman sosyete ayisyèn nan.

Nan tan n ap viv koulyè a, batay kont koripsyon an se yon batay ki genyen menm enpòtans ak batay pou dwa moun, paske dèyè koripsyon ak piyaj ki mache avè l la, se soufrans ak mizè, se abitrè ak krim leta ki genyen.

Èske kondisyon yo deja reyini pou nou resi souke kò nou pou lamoral pa kontinye an pèdisyon ak pou piyay sispann nan peyi nou an? Èske sosyete ayisyèn nan genyen ase konsyans dimansyon koripsyon an ki ap ipoteke tout pèspektiv devlòpman peyi a, epi konstwi yon Leta ki chita sou lalwa ak yon demokrasi dirab? Se sèlman, demen, n a va konnen.

Koripsyon

Koripsyon. Sa pa gen sitèlman lontan, se pa te yon mo moun te di fasil nan mitan moun, menm laprès te vire lang li sèt fwa anvan li te pale de zafè sila. Mo koripsyon an te entèdi nèt al kole nan anviwònman pwofesyonèl ak politik yo. Ekonomis yo pa te pale de sa, menm si politològ yo te kòmanse ba li yon enterè teyorik.

Tantativ definisyon konsèp koripsyon an dwe pou atire latansyon sou le fèt ke:

- gen koripsyon nan sektè piblik la tankou nan sektè prive a;
- se yon pakèt ak yon bann pratik ki konstitye koripsyon an, epi li konsène tout kalite fòm fwod;
- konsèp koripsyon an fèt pou li genyen ladan l lide koripsyon **pasiv** ak lide koripsyon **aktiv**, ki vle di, koripsyon, se ni **bay** ni **resevwa** benefis an kachèt oswa lòt kalite avantaj.
- konsiderasyon pèsonèl oswa familyal enfliyanse desizyon k ap pran.

Si nou pwopoze kòm definisyon koripsyon **« abi ki fèt nan itilize yon pozisyon piblik pou sèvi yon enterè prive »**, alòs n'a va dakò se yon bagay ki ka fèt sèlman lè genyen yon posiblite entèraksyon ak popilasyon an e ke *« kenenpòt sèvis, kenenpòt kontwòl, kenenpòt zak administrasyon, kenenpòt sanksyon, ka vann pou lajan epi ka antrene tranzaksyon ki fèt an kachèt »*.

Men, definisyon sila pa konplè, deske li pa kouvri kèk fòm koripsyon:

- sa ki itilize presyon kòm levye prensipal (kote dimansyon ekstòsyon an pi fò pase dimansyon tranzaksyon an);
- pratik ki neye nan mitan pratik òdinè sosyete a: fanmi ak zanmi, moun ki soti nan menm bouk oswa nan menm zòn, moun ki nan menm pati politik, ki ap twoke sèvis kont favè.

Kidonk, chak fwa yon relasyon pouvwa, òf oswa demann layite kò li, genyen yon posiblite machandaj ki louvri pòt bay tout kalite jwèt enfliyans.

Se poutèt sa ke se sitou nan domèn politik, ekonomik ak sosyal ke

korypsyon jwenn jarèt pou li mache pi byen. Kidonk, domèn ki konsène yo, se domèn aktivite gouvènmantal la, sèvis piblik yo, gwoupman politik yo, aktivite ekonomik yo, sektè biznis la, epi tou anviwònman sosyete sivil la nan sans òganizasyon ki pa politik yo.

Transparency International pwopoze yon definisyon pi kout epi ki pi konplè pou koripsyon:

« Koripsyon, se abi moun fè ak pouvwa yo resevwa an delegasyon pou yo ka regle zafè prive ».

Definisyon sila pèmèt nou dekonpoze diferan eleman ki genyen nan koripsyon an:

1) Abi pouvwa;
2) Yon pouvwa zòt ba ou an delegasyon (kidonk, se yon pouvwa oswa yon manda ou ka resevwa nan men sektè prive a tankou nan men sektè piblik la);
3) Pou regle zafè prive (kidonk, sa kapab pa fòseman pwòp zafè prive pa moun ki ap fè abi pouvwa a, sa kapab tou zafè prive fanmi li oswa zanmi li).

Abi sou byen sosyal: Krim yon reskonsab yon enstitisyon osnon yon antrepriz fè, alòs menm ke li konnen sa li ap fè a pa bon, difèt li sèvi ak byen oswa ak kredi enstitisyon an osnon antrepriz la pou li regle yon bagay ki nwizib pou enstitisyon an osnon antrepriz la oswa ki nan pwòp enterè pèsonèl pa li, oswa pou sèvi enterè yon lòt enstitisyion osnon antrepriz kote li genyen enterè dirèk oswa endirèk. Abi sou byen sosyo, se yon fòm detounman byen.

« Accountability »: mo angle sila, *« accountability »*, vle di reskonsablite, rannman kont, oswa fè rapò obligatwa. Se le fèt ke yon moun reskonsab jan li ap bay sèvis oswa fè travay li. Genyen twa domèn kote nou jwenn fòm reskonsablite sila:

- reskonsablite politik oswa nan zafè jesyon, ki vle di, obligasyon kenenpòt otorite piblik genyen pou li rann kont, pou li fè rapò ak aksepte jijman pou zak li poze ak desizyon li pran, oswa ke li pa pran, oswa ke li pran nan yon move moman;
- reskonsablite nan zafè administrasyon, ki se obligasyon pou rann kont, pou fè rapò bay non sèlman otorite ki sou tèt ou a, men tou bay popilasyon an, bay moun ki ap benefisye sèvis yo, ni tou bay òganizasyon ki anchaje asire l ke prensip etik pwofesyonèl, valè ak nòm yo respekte.

Itilizasyon mo *« accountability »* a konsène obligasyon sila yo, ann antye oswa pa moso.

Afèris: yon biznismann, kit li te fi, kit li te gason, ki pa genyen pwoblèm konsyans pou fè zak malonnèt.

Antrepriz / biznis paravan (antrepriz / biznis bidon): Se yon antrepriz / biznis ke yon fonksyonè leta, yon manm gouvènman an, oswa fanmi yo, kreye, alòs ke yo jwenn enfòmasyon konfidansyèl, sèlman pou yo ka siyen yon kontra piblik. *(Wè **deli inisye** tou.)*

Asèlman seksyèl: Abi yon otorite fè, deske li nan yon pozisyon

otorite, pou li mande oswa egzije yon anplwaye ki anba zòd li bay li kèk favè seksyèl.

Blanchiman lajan: Se yon pwosesis ki pèmet ke lajan ki fèt nan aktivite ki pa legal ka transfere nan de enstriman pou plasman legal oswa ka vin tounen lòt byen, pou efase tout tras orijin lajan an ki pa legal oswa ki soti nan fwod. Mo sila, ki vle di nan angle meriken « *money laundering* », orijin li soti nan lane pwoyibisyon yo - ki vle di lalwa entèdi sa - nan peyi Etazini kont lavant bweson alkolik. Epòk sa a, mafya nan Nouyòk te konn achte drayklining (nan lang franse, drayklining se « blanchisri ») kote anpil lajan kash te konn brase. Chak swa, yo te ajoute sou lajan drayklining yo te rantre pou jounen an lajan sal ki te fèt nan jounen an nan zafè lavant bweson, sa ki te pèmèt yo « blanchi » (oswa « lave ») lajan sal la. Yo te menm resi prezante bilan lajan sa yo nan biwo kontribisyon.

Chantaj: Se yon krim kote ou oblije yon moun ba ou lajan, avantaj, elatriye, paske ou fè li menas ou pral mete yon move sekrè li deyò, oswa kèk lòt menas. Pa ekzanp, chantaj lapolis ka fè lè li menase bay kontravansyon, yon jan pou li fòse moun ba li lajan anba tab.

Deli inisye: Se lè yo bay enfòmasyon konfidansyèl pandan kontra piblik ap negosye pou siyen, oswa pandan yon fonksyonè piblik ap pare kò l pou li rantre nan sektè prive a. Ni tou, se lè yo bay enfòmasyon konfidansyel ki konsène sitiyasyon entèn yon antrepriz ki genyen aksyon li ki vann nan labous, pou enfliyanse desizyon aksyonè oswa aksyonè potansyèl yo.

Detounman lajan: Se lè, nan fwod, yo volè lajan. Lè yo vòlè lajan Leta oswa lajan prive.

Detounman salè: se lè yo vòlè, nan fwod, lajan ki te la pou peye salè amplwaye yon sèvis.

Diskou kouto de bò *(« Doublespeak »)*: twonpe, manti sitou nan arèn politik la.

Diskriminasyon: Se lè yo fè diferans ant de moun, oswa lè yo fè yon aksyon pou yo ekskli sèten moun.

Enfraksyon règleman oswa pwosedi: se kenenpòt vyolasyon règleman.

Eskwo: Se yon moun ki itilize mannèv fwod.

Eskwokri: Se yon krim kote yon moun swa itilize fo non oswa fo kalite, swa fè abi sou yon kalite ki vre, swa itilize mannèv fwod, pou li twonpe yon moun oswa yon enstitisyon pou li ka rive konvenk moun osnon enstitisyon sila remèt lajan, valè oswa kenenpòt byen, oswa bay yon sèvis oswa aksepte yon zak ki konsène obligasyon oswa dechaj, alòs ke sa pa nan enterè moun osnon enstitisyon sila ditou.

Ekstòsyon: Se lè ou fòse yon moun ba ou yon avantaj oubyen fè yon zak anba menas (menas vyolans oswa lòt kalite menas). Pa ekzanp, lè yon chèf sèvis nan leta fòse yon anplwaye leta ki anba zòd li peye li chak semen oswa chak mwa yon lajan, paske li fè li menas si li pa peye, li ka jwenn revokasyon li.

Favoritis: Se lè zanmi benefisye favè ki enjis oswa ki ilegal. *(Wè **zanmitay, klyantelis, nepotis** tou.)*

Fabrikasyon: Envante, oswa fòje (pa ekzanp, dokiman, chèk, manda).

Finansman pati politik an sekrè: Se lè desizyon ak aksyon yon pati politik oswa yon kandida apre li fin genyen eleksyon an vin enfliyanse selon lide yon moun osnon yon gwoup ki te finanse kanpay elektoral pati sila an sekrè. Si lalwa poko etabli limit ann Ayiti, genyen de peyi kote lalwa limite ki kantite lajan yon moun oswa yon enstitisyon ka bay kòm kontribisyon pou kanpay elektoral. Kidonk nan peyi sa yo, finansman an sekrè pa nesesèman genyen pou wè ak achte infliyans sèlman, men sa fèt tou pou yo ka transgrese lalwa. An general, finansman sekrè yo pa ekri nan liv kontab pati politik ki resevwa yo a.

Fo fakti: se yon fakti ki fo nèt al kole pou machandiz osnon pou sèvis ki pa te janm *« achte»* vre, oswa pou de machandiz oswa de sèvis ki te achte vre, men nan yon pri ki pa genyen anyen ditou pou wè ak pri tèt chaje ki genyen nan fakti a.

Fo fayit: se yon fo deklarasyon fayit yon biznis fè pou li ka twonpe biwo kontribisyon Leta, moun li dwe, oswa aksyonè li yo.

Fo kontablite: Mannèv kote yo make fo chif nan yon liv kontab doub, an jeneral pou yo ka twonpe biwo kontribisyon Leta a oswa aksyonè yo.

Fòse men (*Konkisyon*): se lè yon otorite piblik oswa yon moun ki gen reskonsablite pou yon misyon sèvis piblik resevwa, ekzije, oswa òdone fòk yo pran nan men yon lòt moun lajan sou fòm dwa, kontribisyon, enpo oswa taks piblik, alòs ke lajan sila, swa moun nan pa dwe li, swa li pi plis pase sa li dwe a. Se kapab tou lè yo bay, sou kenenpòt fòm, yon ekzonerasyon oswa franchiz pou dwa, kontribisyon, enpo osnon taks piblik nan vyolasyon lalwa osnon règleman.

Fwod: se yon zak movèz fwa ki fèt pou nwi dwa zòt.

Fwod elektoral: Se yon ansanm zak malonnèt ki fèt pou fose rezilta yon eleksyon. Fwod elektoral leze dwa elektè yo, pati yo ak kandida rival yo.

Fwod fiskal: Se yon ansanm zak oswa disimilasyon ki rive mete baryè nan aplikasyon lwa fiskal yo (fwod ladwann, se yon fwod fiskal).

Gabji: Gaspiyaj lajan Leta oswa lajan yon biznis. Pa ekzanp, lè fonksyonè Leta vwayaje aletranje san se pa anyen yo al regle laba tout bon vre, pandanstan se yo menm menm ki deside konbyen lajan frè ak pèdiyèm, souvan ekzajere, yo va touche pou vwayaj sila.

Gran manjè: Ekspresyon ki vin kouran an Ayiti pandan 10 dènye lane yo. Se yon ekspresyon ki dekri yon manm gouvènman ki panse Leta se chwal papa l, ki kowonpi epi ki nan tout kalte magouy.

Kliyantelis (Sistèm moun pa): kliyantelis, se lè yon otorite bay sèten moun avantaj san yo pa fè anyen pou yo merite sa, pou moun sa yo ka fidèl a li, pou yo ka dwe li, pou moun sa yo ka vin « moun pa li ». Genyen anpil pratik nan sistèm kliantelis la:

- bay moun travay paske yo genyen menm kwayans politik avèk ou, menm si règleman di sa pa dwe fèt konsa ;

- Kreye djòb pou zanmi ki nan fè politik avèk ou, menm si djòb sa yo pa genyen okenn itilite tout bon vre ;
- Itilize yon pozisyon pouvwa pou asire zanmi ki nan fè politik avèk ou ka jwi enpinite alòs menm ke yo ta nan move zafè ;
- Voye asistans sosyal jwenn popilasyon yo selon ke yo kwè nan yon sèten pati politik ;
- Chwazi rejyon pa ou pou reyalizasyon yon pwojè devlòpman menmn si gen lòt zòn ki gen bezwen ki pi ijan.

Komisyon anbachal: Se pousantaj ki peye an sekrè bay yon moun ki pèmèt ou fè yon afè. Komisyon anbachal sa yo, souvan biznis prive yo konn peye komisyon anbachal bay fonksyonè Leta lè Leta pral pase yon mache piblik (yon kontra piblik, yon kontra gouvènmantal pou sèvis, founiti/ekipman oswa konstriksyon). Yo dejwe pwosesis apèldòf transparan, epi yo anjandre move chwa nan zafè kalite ak pri sèvis yo oswa travay la.

Konbin: Se yon mwayen malonnèt pou rive atenn bi ou.

Konfli enterè: Se lè enterè yo kontrè youn ak lòt kòz yo ap defann nan pa konkòde. Se lè moun ki mandate pou pran desizyon an twouve li nan yon pozisyon kote genyen yon kontradiskyon ant pwòp enterè pèsonèl dirèk osnon endirèk pa li, ak devwa li genyen pou li defann enterè pòs li okipe a. Toujou genyen konfli enterè nan fonksyònman rapò yo andedan sosyete a, e sa mande yon kalite jesyon espesyal.

Kontrebann: se lè yo fè antre oubyen vann an kachèt kèk machandiz ki entèdi oswa ki dwe pou peye taks, yon jan pou lajan sila pa rantre nan kès leta (fwod).

Kòporatis: se yon lòt manifestasyon zanmitay. Pa ekzanp, genyen anpil peyi kote se moun ki genyen menm pwofesyon ki jwenn gwo djòb yo pa preferans, lèfini djòb nan leta, se sou zanmitay yo gade pou yo bay yo.

Koripsyon aktiv: Se yon pratik kote yo pwopoze, san bon dwa, dirèkteman oswa endirèkteman, òf, pwomès, don, kado, oswa kenenpòt avantaj pou yon otorite piblik ki anchaje yon misyon sèvis piblik, fè oswa

pa fè yon zak ki fè pati fonksyon li, misyon li osnon manda li, oswa ke misyon li osnon manda li fasilite.

Koripsyon pasiv: Se lè yon otorite piblik ki anchaje yon misyon sèvis piblik osnon yon eli pèp la mande oswa aksepte, san bon dwa, dirèkteman oswa endirèkteman, òf, pwomès, don, kado, oswa kenenpòt avantaj pou li fè oswa pa fè yon zak ki fè pati fonksyon li, misyon li osnon manda li, oswa ke misyon li osnon manda li fasilite.

Koriptè: Se yon moun ki mennen yon lòt moun sou pant koripsyon.

Koriptib: Se yon moun ki ka vin kowonpi.

Kowonpi: Se yon moun ki pratike koripsyon ki fè trafik otorite li.

Mache nwa: se yon mache ki sekrè epi ki pa legal, ki ka kreye deske òf la pa sifi (nan moman rasyònman, oswa poutèt nivo taks).

Magouy: Konbin ki pa klè ke gwoup, oswa òganizasyon, oswa de moun andedan yon gwoup, fè ant yo menm.

Magouyè: yon moun ki alèz pou fè magouy.

Malvèsasyon: Detounman lajan moun fè pandan yo nan djòb yo.

Mare kòd lonbrit (Konkòday): Se lè de moun osnon yon gwoup moun antann yo an sekrè pou yo twonpe oswa nwi lòt moun. *(Wè tetelang tou.)*

Nepotis: sitiyasyon kote yon fonksyonè piblik itilize pouvwa li pou li jwenn yon favè, souvan yon djòb, pou yon fanmi li. Etimolojikman, « *nepotis* » soti nan mo laten « *nepos* » la, ki vle di neve oswa desandan. Nepotis, se yon fòm espesyal konfli enterè, e mo sila, yo genyen plis tandans itilize li nan sans jeneral li, pou pale de yon senp konfli enterè.

Ospitalite eksesiv: Resepsyon, vwayaj, kado ak lòt avantaj dirèk ke fonksyonè Leta yo benefisye nan men moun ki te jwenn kontra ak Leta (pa

ekzanp, bous pou pitit yo ka al etidye nan inivèsite aletranje).

Pantouflaj: se pwosesis kote yon fonksyonè Leta pral kite sektè piblik la pou li ale nan sektè prive a. Fenomèn sila vin anplifye, pou plizyè rezon: nan anpil peyi, Leta ap diminye kantite moun ki ap travay pou li; mòd jesyon sektè piblik la ak pa sektè prive a vin sanble chak jou pi plis; lèfini, yo itilize tou kontra « tan limite », ki vle di travay moun yo anplwaye a ap kòmanse nan tèl dat, pou li fini nan tèl lòt dat. Pantouflaj la manifeste l nan yon nouvo tip konpòtman kote fonksyonè yo sispann panse yo pral pase tout lavi yo ap travay nan Leta.

Men kèk nan konpòtman nou ka jwenn nan pami manifestasyon pantouflaj yo:

- kad sektè a chanje konpòtman ofisyèl yo pou yo ka vin genyen plis chans pwofesyonèl lè yo soti nan Leta pou ale nan sektè prive a. Pwojè yo genyen pou demen, ak òf yo resevwa pou yo kite Leta al travay lòt kote, enfliyanse yo, fè yo aji yon mannyè ki malonnèt, enjis, abitrè.
- ansyen fonksyonè yo abize de enfòmasyon konfidansyèl yo te jwenn lè yo t ap travay nan Leta, lè yo itilize enfòmasyon konfidansyèl sa yo pou sèvi enterè prive.
- ansyen fonksyonè yo eseye enfliyanse ansyen kòlèg yo ki ap travay nan Leta toujou, pou jwenn nan men yo swa favè, swa enfòmasyon konfidansyèl.

Paradi fiskal: ***Òganizasyon pou Koperasyon ak Devlòpman Ekonomik*** *(Organisation pour la Coopération et le Développement Économique - OCDE)* idantifye kèk kritè pou defini yon paradi fiskal, nan yon rapò li te fè nan lane 1998, ki genyen pou tit *« Concurrence Fiscale Dommageable: Un Problème Mondial »* (Konkirans fiskal ki ka lakòz domaj: yon pwoblèm mondyal). Se yon jiridiksyon ki pa pran enpo di tou sou lajan ki rantre nan peyi a ki sot lòt kote, oswa enpo li pran an pa anpil lè li konpare ak enpo nan peyi rezidans yo. Yon paradi fiskal genyen de dispozisyon lalwa oswa de pratik administrasyon ki anpeche twoke ransèyman ak lòt peyi sou kontribyab yo epi sou kont labank. Paradi fiskal oswa sant *« offshore »* tankou zile Tèks-end-Kaykòs, Baamas, Ladominik, jwe yon wòl deplizanplis gwo nan zafè blanchiman lajan, bagay ke règleman laksis ak sekrè bankè fasilite.

Paji: fo sèman (pa ekzanp, nan tribinal) oswa vyolasyon sèman.

Podven: Se yon lajan ki peye an plis pri ki te negosye osnon tarif ki afiche a, oswa yon kado yo bay yon fonksyonè piblik pou bay yon sèvis osnon evite yon amann. Ann Ayiti, lè yon moun di yon lòt « W'a fè yon ti woulman ave m'? », se yon demann podven degize.

Prètnon: Se yon moun ki machande (pou yon pousantaj) pèmisyon pou yo itilize non li oswa kont li labank pou tranzaksyon lajan pou blanchi lajan sal ki detounen nan kès Leta oswa ki soti nan trafik ilegal (dwòg, zam, elatriye). Prètnon an reskonsab zak koripsyon an (zak blanchiman an) menm jan ak moun ki ap itilize li a.

Priz ilegal enterè: Se zak kote yon otorite piblik, oswa yon moun ki reskonsab yon misyon piblik, oswa yon eli pèp la, pran, resevwa oswa konsève, dirèkteman oswa endirèkteman, kenenpòt enterè nan yon biznis oswa nan yon operasyon ke li te anchaje, nan moman zak la te komèt la, swa pa moso, swa ann antye, pou li asire siveyans administrativ, likidasyon oswa peman an.

Pwofi sekrè: Se yon benefis ki soti nan yon mannèv ilegal.

Raketè: Se yon moun (ki an jeneral pa travay andedan sistèm nan, men ki pafwa se yon fonksyonè) ki fè moun peye li pou li okipe l de yon pwosedi oswa demach ak biwo Leta. Raketè a konnen sistèm nan pi byen pase kliyan li a, pou li ka fè kèk demach (pa ekzanp: fè paspò/ekstrè achiv/ lisans/ pèmi/ pwosedi dedwanman) san li pa itilize koripsyon ni podven. Sa pa nesesèman ilegal, men souvan raketè yo oblije peye podven bay fonksyonè piblik yo pou akselere yon pwosedi.

Mo sa a ki genyen orijin li nan mo angle meriken, *« racket, racketeer »*, pèdi ann Ayiti sans kriminèl li genyen nan peyi Etazini kote *« racketeer »* a fè *« rackets »* pou fòse moun bay lajan anba menas ak vyolans. Aktivite raketè ayisyen an plis sanble ak aktivite *« tramitador »* latino-ameriken an, ki se sitou yon entèmedyè ant popilasyon an ak administrasyon piblik la.

Reprezay: Se vyolans yon moun fè sou yon lénmi, oswa fanmi lénmi an,

pou jwenn vanjans pou yon tò li te fè li. Ayiti genyen yon long istwa reprezay politik tiran ki sou pouvwa yo fè kont dìsidan yo.

Resèl abi byen sosyal (byen yon enstitisyon oswa yon antrepriz): Se yon krim kote yon moun pwofite an tout konsyans de lajan oswa lòt avantaj ki soti nan abi byen yon enstitisyon oswa yon antrepriz.

Ristoun ilegal: Se lè yon antrepriz / yon biznis, oswa reprezantan antrepriz la / biznis la, peye lajan anba tab (« *kickbacks* ») an jeneral nan kad siyati yon kontra piblik, bay fonksyonè Leta ki te fasilite li jwenn kontra sila nan yon mannyè ilegal.

Sifaktirasyon: Se yon pwosedi fonksyonè piblik oswa anplwaye sektè prive itilize nan kad vwayaj oswa acha, kote yo prezante de fakti avèk fo chif ladan yo ki ekzajere montan lajan ki depanse a, pou yo ka anfle lajan yo genyen pou resevwa kòm ranbousman an.

Sineki: Se yon djòb kote moun touche anpil lajan pou yo pa fè anpil travay - yo konn pa travay ditou. Mòd djòb sa yo, lè se andedan biwo Leta yo, ke yo bay patizan pati ki sou pouvwa a oswa zanmi gwo chabrak yo, yo rantre sitou nan kategori nepotis ak zanmitay, e yo kreye yon pakèt ak yon bann fo anplawye oswa anplwaye « zonbi », jan nou rele yo ann Ayiti, ki prezante yo nan travay la jou pou yo touche yo sèlman. Rezilta bagay sa a, se yon gaspiyaj enkwayab lajan Leta.

Siyati ilegal kontra piblik: Se yon pwosesis kote genyen yon kontra piblik ki siyen ki vyole dispozisyon lalwa sou zafè sa yo. Sa, se yon ka **Gwo Koripsyon** ki genyen enpak negatif sou lavi popilasyon an (enfrastrikti, sèvis piblik, elatriye), epi ki anjandre gwo gwo pèt pou Leta. Souvan, kontra piblik siyen nan ilegalite avèk:

- fo antrepriz osnon antrepriz paravan fonksyonè piblik oswa zanmi yo kreye sèlman pou yo ka jwenn kontra sila ;
- vre antrepriz ki pwomèt li pral peye komisyon anbatab (« *kickbacks* ») bay fonksyonè piblik ki genyen wòl y ap jwe nan siyati kontra sila.

Reskonsab Leta ki angaje lajan Leta a pote menm reskonsablite pou yon

zak koripsyon nan zafè konsa ke operatè sektè prive ki kosyone pratik malonnèt sa yo e ki pèmèt yo pran rasin.

Sosisonaj: Se yon mannèv kote genyen yon distribisyon atifisyèl ki fèt pou yon ansanm prestasyon, pou gaye yo sou plizyè ekzèsis anyèl pou yo ka rete anba plafon ki ekzije fòk genyen yon pwosedi apèldòf ki genyen kèk kontrent ladan. Lè yo pa rive nan plafon ki fikse a, yo rete nan kad kontra ki ka negosye san ekzijans apèldòf.

Soudwaye: Se peye yon moun pou li fè yon bagay ki kontrè ak devwa li.

Soudwaye elektè: Se bay elektè lajan, kado, oswa pwomèt yo djòb, elatriye pou yo vote pou ou.

Soufaktirasyon: Se yon pwosedi ki itilize espesyalman nan fwod ladwann, kote yo prezante bay enspektè kontribisyon yo de fakti avèk fo chif ladan yo ki reprezante apenn yon ti pati nan vre pri machandiz enpòte a, yon fason pou yo diminye dwa de dwann ki fèt pou peye sou machandiz sila.

Tetelang (Konivans): Se lè genyen konplisite, oswa antant an sekrè ant de moun osnon yon gwoup moun pou twonpe oswa nwi lòt moun. *(Wè **mare kòd lonbrit** tou.)*

Trafik enfliyans aktif: Se yon pratik kote yon moun pwopoze, san dwa, dirèkteman oswa endirèkteman, òf, pwomès, don, kado, osnon kenenpòt avantaj, pou fè yon otorite Leta ki anchaje yon misyon sèvis piblik, osnon yon eli pèp la, itilize enfliyans reyèl ou sipoze li pou jwenn nan men yon otorite distenksyon, djòb, kontra, oswa kenenpòt lòt desizyon favorab.

Trafik enfliyans pasif: Se yon pratik kote yon otorite Leta ki anchaje yon misyon sèvis piblik, osnon yon eli pèp la, aksepte, sans dwa, dirèkteman oswa endirèkteman, òf, pwomès, don, kado, osnon kenenpòt avantaj, pou li itilize enfliyans reyèl ou sipoze li pou jwenn nan men yon otorite oswa yon biwo piblik distenksyon, djòb, kontra, oswa kenenpòt lòt desizyon favorab.

Twonpe konsomatè a: Abize konsomatè a, nan vann li pwodui avarye, perime oswa danjere (pa ekzanp, medikaman, manje) osnon pwodui ki genyen yon fo etikèt. Nan pratik sila, genyen tou reklam mantò, ak refize ranbouse konsomatè ki pran desepsyon.

Zanmitay (Kopinaj): Se lè zanmi rann youn lòt sèvis, kit li piti, kit li gwo, pou enterè. (*Wè **favoritis, kliyantelis, nepotis** tou.*) Se yon fòm nepotis kote favè, pa ekzanp, kontra, se zanmi ak asosye travay ki jwenn yo. Nan lang popilè a, genyen yon tandans pou konfonn de mo sa yo.

Lide ki ekziste nan sosyete a ki pèmèt koripsyon pran rasin

Pandan twò lontan, te genyen yon seri fo kwayans sou fenomèn koripsyon an. Nan fo kwayans sa yo, genyen kèk mit ki fè konprann ke se « la kilti » ki ta reskonsab ke genyen anpil koripsyon nan sèten peyi.

Men, travay rechèch ***Transparency International*** ak seksyon nasyonal li yo epi lòt enstitisyon entènasyonal tankou ***Enstiti Bank Mondyal*** *(World Bank Institute -WBI)* te reyalize, demontre ke lè yon peyi ap soufri anba koripsyon andemik alawonnbadè, se sitou faktè sila yo ki anjandre li:

- afeblisman valè moral ak sosyal yo, ki fè etik pèsonèl anpil moun fè ke amelyorasyon pwòp sitiyasyon ekonomik pa yo vin pase anvan enterè jeneral ak devwa yo fas ak sosyete a ;
- mank transparans ak reskonsablite nan **sistèm nasyonal entegrite** yo sitou nan travay lajistis pou li aplike lalwa epi pini kowonpi yo. Nan anpil peyi, e ann Ayiti tou, pi fò moun yo (rezilta 2 sondaj LFHH te reyalize nan mwa novanm 2003 a konfime sa) panse ke sèvis piblik la, yo detounen li de finalite li; ke fonksyonè yo la pou sèvi pwòp tèt pa yo ak sèvi anbisyon politik pi gwo zotobre ki nan pouvwa a, nan lespwa sa va pote avantaj pou yo menm.

Men, nan ka Ayiti a, genyen yon seri lide ki ekziste nan sosyete a, ki eksprime nan pwovèb ak ekspresyon Kreyòl nou site toutan. Yo nan nannan kilti nou, yo ranfòse valè nou ak mès nou. Kèk nan mesaj pwovèb sa yo fè sikile a (egoyis egzajere, tolerans pou koripsyon, tandans pou rantre nan magouy, fè sousou) pèmèt nou jistifye pratik koripsyon nou yo, ni tou yo mennen valè moral ak valè nan sosyete a nan pèdisyon, kidonk, yo se de gwo obstak nan batay kont koripsyon an ann Ayiti ak nan konstriksyon yon kilti entegrite.

Men yon lis - ki pa konplè - pwovèb ak ekspresyon sa yo:

« Degaje pa peche. »

« Sòt ki bay, enbesil ki pa pran. »

«Volè Leta, se pa vòlè (Leta se chwal papa).»

« Bon zanmi se dra blan.»

« Lajan pa gen odè.»

« Lajan kase wòch.»

« Lajan fè chen danse.»

« Foumi pa mouri anba barik siwo.»

« Chak koukouy klere pou je l.»

« Chen grangou pa jwe.»

« Rele chen'w papa pou zo li.»

« Sa je wè, bouch pa pale.»

« Fè tankou w te fou pou ou pa peye enpo.»

« Jodi pou ou, demen pou mwen.»

« Yon jou pou chasè, yon jou pou jibye.»

« Se lè krich fin jwenn pou bouchon jwenn.»

« Peyi a se pou li, l'kale dada l jan li vle.»

« Chak rivyè charye gravye pa li.»

« Se pa mwen k ap vin ranje peyi a.»

Batay kont koripsyon ak pou konstwi yon kilti entegrite: Obstak pou evite, ak nouvo zouti pou mennen konba a

Ki jan pou nou batay kont kansè koripsyon an ki gangrennen peyi nou an? Pi souvan, li difisil pou n jwenn ki kote pou nou kòmanse mete an plas pwogram refòm kont koripsyon ki efikas e ki dirab. Genyen de fwa yon nouvo gouvènman genyen bon lentansyon, men li vin bat ba rapid devan gwosè travay la ak predominans koripsyon an nan biwo Leta yo. Genyen de gouvènman ki pèdi krediblite yo rapid poutèt yo pa kapab mennen yon batay efikas kont koripsyon an malgre tout konfyans popilasyon an te genyen nan yo lè yo te fenk monte sou pouvwa a.

Yon analiz sou kèk inisyativ ki te pran nan de lòt peyi pèmèt nou idantifye kèk nan pami rezon ak obstak ki eksplike echèk tantativ refòm yo:

- **rezistans pouvwa ekzekitif la konn jwenn** lè anviwònman kowonpi li jwenn kòm eritaj la antrave inisyativ kont koripsyon li yo ;

- **mank volonte politik alatèt pouvwa a**. Genyen de inisyativ ke rezistans a chanjman ak mank angajman toutbonvre alatèt pouvwa yo kon rive bloke ;

- **refòm ki vize sèlman tranch ki pi ba a** nan pouvwa politik ak administratif la lè yon lwa vize sèlman nivo sibaltèn yo, moun yo santi li pa reprezante jistis ak egalite. Yon refòm konsa pap janm ka bay rezilta ;

- **pwomès chaje lanbisyon, men ki pa ka reyalize**, ki kreye nan popilasyon an espwa ki tounen desepsyon kidonk, ki vin fè moun yo panse tout sa se demagoji, e ki fè yo pèdi konfyans ;

- **Refòm ki te konsevwa san objektif espesifik ki reyalizab**, e ki pa kapab pwodui veritab chanjman ;

- **refòm ki mete an plas pa moso, san koòdinasyon**, epi, gen de lè, genyen menm kèk desizyon ki pran an menm tan alòs ke youn kontredi lòt ;

- **refòm ki konte twòp sou lalwa ak sou aplikasyon lalwa**, alòs ke efikasite itilizasyon lalwa a limite, ni tou se pa sèten ke li menneń chanjman nan konpòtman sosyete a genyen an jeneral. Dayè, lè lajistis pa fonksyone kòrekteman, pou pi souvan se poutèt genyen defisyans nan sistèm jidisyè a (reta, koripsyon, sèvilite devan pouvwa ekzekitif la) plis pase poutèt sa lwa yo yomenm yo genyen ladan yo. Ann Ayiti, nou genyen pou nou konfronte de kalite defisyans: nan nivo ensifizans lwa ak kalite lwa sou koripsyon yo, epi tou nan nivo defisyans ki ekziste nan sistèm jidisyè a, ki antrave aplikasyon de twa grenn lwa ki ekziste yo.

- **le fèt ke dispozisyon enstitisyonèl pa ekziste oubyen ke yo pa aplike** Li endispansab pou yo mete an plas ak aplike de mekanis enstitisyonèl pou refòm yo ka kontinye menm lè moun ki te lanse yo a fin ale ;

- **enterè patikilye toutkalte ke refòm nan konfwonte**. Moun ki jwenn benefis nan koripsyon an ki ede yo plen pòtfèy yo, fè yo vin pi rich, pral pè pèdi sa yo genyen e yo pral reziste kont chanjman an ;

- **danje potansyel ak reyèl pou moun ki ap fè pwomosyon refòm yo**, ak nesesite pou moun sa yo pou yo genyen kouraj ak anpil talan politik pou yo fonse.

Alòs, ki jan pou nou fè pwòpte nan konduit afè piblik yo? Fas ak dimansyon koripsyon an ak echèk refòm ki te kòmanse fèt nan plizyè peyi, keksyon sila primòdyal.

Kanbyenmenm yon gouvènman ta genyen volonte djanm pou li batay kont koripsyon nan biwo leta yo, se yon bagay ki demontre, ke batay kont koripsyon an pa ka reyisi san angajman lòt poto ki konpoze sa ***Transparency International*** rele « **Sistèm Nasyonal Entegrite (SNE)** » a (*we Anèks ki nan seksyon franse ti liv sa a*), ki genyen ladan l, antwòt, poto laprès, sosyete sivil la, sektè prive a, ak senp sitwayen an. SNE a dwe pou li angaje yon pwosesis refòm nan yon apwòch global, avèk patisipasyon tout aktè nan sosyete a, pou bati nan administrasyon piblik la yon kilti enstitisyonel ki chita sou etik ak entegrite, epi pou devlope,

andedan sosyete a menm, yon mantalite kolektiv ki bay etik ak entegrite valè, e ki ekzije sa, ni tou ki kondane san diskisyon koripsyon ak konpòtman koripsyon an mennen: eskwokri, manti, twonpri, enposti, elatriye.

Etik[1] ak entegrite[2]. De valè ki enplike non sèlman etablisman nòm /estanda konduit klè, eksplisit men tou definisyon objektif ki ka enspire anplwaye Leta yo pou yo ka sèvi nasyon an pi byen. Se sèten ke Leta dwe pou li eksplike fonksyonè li yo a klè ki sa pou yo pa fè. Men tou, li dwe pou li ba yo oryantasyon sou sa yo ta dwe fè. Veritab defi a, se pa nan nivo pèspektiv konpòtman ak pratik ki pap tolere yo li chita men sitou se fè fonksyonè piblik yo adopte valè ak vèti ki dwe pou sèvi kòm bousòl pou yo: dezenterèsman, entegrite, objektivite, reskonsablite, transparans, onètte, ak lidèchip yon seri valè ak vèti ki, tou senpman, fè pratik koripsyon yo vin enpansab!

An fèt, rechèch entegrite ak etik, se sitou yon mwayen pou garanti pou popilasyon an, sou plan kantite tankou sou plan kalite, sèvis li an dwa pou li jwenn nan men Leta.

Pou mete osnon konstwi yon klima entegrite nan biwo leta yo, fòk genyen sèten eleman:

- lwa, ak aplikasyon lwa sa yo ;
- règ, ak aplikasyon règ sa yo ;

---

[1]**Etik**: Se ansanm konpòtman ki genyen gwo konotasyon moral, ki vle di respè estanda / nòm ak lalwa. Etik reprezante yon sistèm valè. Etik nan sektè piblik la oswa nan sèvis piblik la swiv kèk nòm ak prensip. Nan pami konduit ki pa konfòm ak etik, nou jwenn konfli enterè, nepotis, zanmitay, kliyantelis, trafik enfliyans ak pantauflaj.

[2]**Entegrite**: Men, sa sa vle di menm, entegrite? Eske se santiman diyite moral ki fè nou refize tout sa ki kontrè ak kòd valè pèsonèl nou, ak /osnon valè sosyete a kwè ladan yo a ? Oswa èske se senpleman refize twoke konsyans nou kont enterè ki pa klè epi ki malonnèt ?

Nan tou de ka yo, entegrite fè nou meble konsyans nou ak prensip ki toujou respekte règ moral ak sosyal ki dirije nou yo. Si se sa, pa genyen moun ki ka viv oswa viv lè yo chwazi lib e libè pou yo dezobeyi règ sosyal sa yo, bliye tout prensip, tout baryè ant sa ki byen ak sa ki mal, an final, detwi nan konsyans li tout fonnman ki fè ke yon gason oswa yon fi ka leve tèt li byen wo pou li di li genyen diyite ak onè.

- kòd konduit ak aplikasyon kòd sa yo ;
- ekzijans etik ak onètte nan sosyete a ;
- pwofesyonalis fonksyonè yo ;
- entegrite elit yo ak klas politik la.

Ansanm kondisyon sa yo etabli yon tradisyon etik nan vi piblik la, ni tou li anjandre yon klima entegrite ki kapab sèvi motè pou transfòmasyon tout sektè nan sosyete a.

Li enpòtan pou nou pa bliye kèk pwen:

- Klima entegrite sila dwe pou li apwopriye, ranfòse, adapte, epi tou aplike, ak egalite, nan ansanm sektè piblik la;
- Li dwe pou li etabli yon fason dirab. Lè sa nesesè, li dwe pou li adapte, ni tou aktyalize, epi de nouvo mekanis reskonsablite fèt pou entwodwi pou korije kèk pwen fèb ki ka ekziste;
- Yon anviwònman konsa mande pou genyen volonte politik ak angajman klas dirijant la, men chak sektè dwe pou pran reskonsablite li pou li jwe wòl pa li nan sistèm nan;
- Yon anviwònman entegrite ka depann de chanjman ki reyalize piti piti: siksè gran lide depann souvan de detay nou pa janm dwe pou bliye.

Men kèk nan nouvo zouti (konvansyon, konsèp, mekanis, presedan, endikatè) ki ekziste pou ede nan batay kont koripsyon an:

- ***Konvansyon Entèramerikèn kont Koripsyon*** (1996) ke 32 peyi manm OEA nan emisfè a ratifye, e Ayiti se youn nan peyi sa yo;
- ***Konvansyon Nasyonzini kont Koripsyon*** (2003) ke 104 peyi deja siyen jounen jodi a, e Ayiti te siyen li tou, e ke 13 peyi deja ratifye;
- ***Konvansyon Òganizasyon pou Koperasyon ak Devlòpman Ekonomik kont Koripsyon Ajan Piblik Etranje*** (1997) ke 35 peyi ratifye;
- ***Kovansyon Nasyonzini kont Krim Transnasyonal*** (2000);
- ***Lwa sou blanchiman lajan*** ke anpil peyi ratifye nan lane 2001, e Ayiti se youn nan peyi sa yo;
- Kreyasyon ***Tribinal Penal Entènasyonal*** (Ròm, 17 jiyè 1998) ke 139 peyi te siyen, e Ayiti se yonn nan peyi sa yo, e ke jounen jodi a 97 peyi deja ratifye. Tribinal la operasyonèl depi premye jiyè 2000;

- *EUROJUST* ke Konsèy Ewopeyen an kreye nan lane 1999, ki se yon inite ki genyen ladan pwokirè, majistra ak ofisye polis ke chak eta manm voye ladan, pou ranfòse batay kont fòm grav kriminalite òganize;
- ***Prensip Wolfsberg pou Anpeche Blanchiman Lajan*** (2002) ke ***Transparency International*** ak kèk enstitisyon bankè entènasyonal elabore;
- ***Endis Koripsyon nan Peyi Ekspòtatè yo (Bribepayer's Index)*** ke TI pibliye regilyèman, ki prezante lis peyi Nò yo ke yo panse ki ta pi kapab peye plis podven pou jwenn kontra piblik nan peyi mwen avanse yo;
- ***Pak Entegrite*** a ke TI pwopoze pou garanti transparans ak onètte nan adjidikasyon osnon siyati kontra piblik yo;
- ***Sistèm Entegrite Nasyonal*** la, ki se yon konsèp M. Ibrahim Seushi, ki se yon manm TI nan peyi Tanzani, te devlope e ke TI rekòmande kòm baz pou batay kont koripsyon an;
- ***Deklarasyon Nyanga*** a ke seksyon afrikèn TI yo te fè (nan peyi Zembabwe nan lane 2001), ki pwopoze yon demach pou jwenn rapatriman lajan dirijan politik te detounen nan koripsyon;
- ***Apèl Jenèv*** la (1996) -- ki mande abolisyon pwoteksyonis ki pa valab ankò, nan zafè travay lapolis ak lajistis;
- ***Desizyon Inyon Ewopeyèn*** nan pou li rapatriye lajan rejim kowonpi peyi Afrik yo te detounen e ke yo te depoze nan peyi Ewòp yo (Lekè, Ejip, avril 2000);
- ***Presedan pwosedirye tabli nan lane 2000 la ki se rezilta yon kanpay reparasyon pou jwif yo ke Kongrè Mondyal Jwif la (World Jewish Congress)*** te lanse, ke Raben Israel Singer ak Edgard Bronfman Jr. (Prezidan *Seagram*) te pilote, e ki te pwodui yon jefò mondyal konsète ki te mennen restitisyon a desandan viktim Olokòs la tout byen nazi yo te vòlè e ke yo te kache nan bank peyi Laswis yo;
- ***Kanpay entènasyonal « Jibile » a pou anilasyon dèt peyi pòv yo,*** ki lanse yon apèl pou enstitisyon kredi Nò yo (BM, FMI, BID, BAD...) pou yo travay pou rekiperasyon lajan prete ke dirijan kowonpi yo detounen pa ekzanp, rekiperasyon byen yo te vòlè, se yon bagay ki lye san diskisyon ak kanpay sila pou anilasyon dèt yo;
- ***Inite Lit Kont Koripsyon (ULCC)*** a ke gouvènman Ayisyen an kreye nan mwa septanm 2004 la.

Fondasyon Eritaj pou Ayiti (LFHH)

Nan lane 1998, yon gwoup sitwayen ayisyen kreye **Fondasyon Eritaj pou Ayiti (LFHH)** la, ki se yon fondasyon prive, ki pa patizan okenn pati politik, e ki pa la pou li fè lajan. Depi lane 1999, LFHH afilye ak prensipal òganizasyon mondyal pou batay kont koripsyon an, **Transparency International (TI)**. Depi mwa me 2003, a pati yon kontra ki siyen ant 2 òganizasyon yo, LFHH vin reprezantan ofisyèl TI ann Ayiti.

Vizyon li :

Men vizyon LFHH la: Yon nasyon kote pa genyen koripsyon nan gouvènman, nan politik, nan biznis, nan sosyete sivil la ni nan lavi popilasyon an; e kote sosyete a bay konpòtman entèg, etik, reskonsab ak disipline anpil valè.

Misyon li :

Misyon LFHH, se travay pou pwomosyon valè moral etik, entegrite, ak onètte nan sektè piblik ak prive nan sosyete ayisyèn nan, epi ankouraje tout moun respekte prensip / nòm yon sosyete moral, reskonsab e disipline ki esansyel pou **demokrasi ka pran rasin**.

Prensip li yo :

LFHH rekonnèt ke genyen de rezon ni pratik ni etik pou konfwonte pwoblèm koripsyon an ak irresponsablite ki ekziste nan sosyète nou an:

- Kalite lavi gason, fi ak timoun ann Ayiti, ke preponderans sistèm ak pratik koripsyon yo afekte. Se yon bagay ki inakseptab ke pou moun jwenn jistis, sèvis de baz, swen sante, edikasyon, ak sekirite, se pou yo machande yo pou pi plis lajan pase lajan kontribyab ak kliyan sèvis Letayo deja peye ;
- Valè moral etik, entegrite, onètte, disiplin ak reskonsablite ki an pèdisyon nan sosyete nou a kontribye anpil nan degradasyon sosyete a, epi tou yo se yon gwo obstak pou konstriksyon yon Leta ki chita sou lalwa, pou devlòpman sosyo ekonomik, ak pou avènman jistis sosyal.

Valè fondalnatal li yo :

Men valè de baz li yo, ki se tou valè de baz tout manm rezo Transparency International la, e ki enspire misyon nou an epi ki gide apwòch travay nou:

- Transparans
- Reskonsablite/rannman kont
- Entegrite
- Solidarite
- Kouraj
- Jistis
- Demokrasi.

Apwòch li :

LFHH konprann ke koripsyon, se yon pwoblèm ki genyen plizyè dimansyon, ki soti nan defisyans sistemik, ensitisyonèl ak moral e, donk, ki ekzije yon repons estratejik konplike ki genyen ladan prevansyon, refòm enstitisyonèl, aplikasyon lalwa, edikasyon ak mobilizasyon. LFHH pa vini pou li fè travay li nan konfwontasyon. Wòl li, se pou li sèvi pito kòm motè/fasilitatè pou etablisman yon platfòm diskisyon ak aksyon sou pwoblèm koripsyon an ak pou ranfòsman Sistèm Nasyonal Entegrite peyi a. Li ap travay nan tèt kole ak aktè nan tout sektè sosyete ayisyèn nan, san li pa ekskli pèsonn (piblik, prive, sosyete sivil), pou batay kont koripsyon ki ap detwi peyi nou an.

LFHH ap travay pou li:

- bati yon mantalite kolektiv ki kondane koripsyon ;
- atake sentòm ak fonnman koripsyon an selon yon apwòch sistemik pou ranfòse poto sistèm nasyonal entegrite Ayiti a.
- ranfòse, nan sosyete ayisyèn nan, respè pou etik, entegrite, reskonsablite ki se dè valè pozitif ki si yo pa la, sosyete yo depafini.

Apwòch LFHH la chita sou paramèt sa yo:

- **Ekselans :** LFHH ap eseye ak tout fòs kouraj li respekte estanda / nòm elve ekselans ak pwofesyonalis, epi tou asire l ke angajman sila parèt a klè nan jesyon li, pwogram li yo ak pwojè li yo.

- **Egalite ant gason ak fi, ak divèsite:** LFHH kwè nan prensip

egalite ak divèsite ant gason ak fi, ras, ak klas sosyal nan nivo politik li yo, jesyon li, pwogram ak pwojè li yo, e li fè pwomosyon konsèp sa yo, nan bay ekzanp nan sosyete ayisyèn nan.

- **Patisipasyon ak enklizyon:** LFHH renye tout pratik eksklizyon ak alyenasyon ki domine yo, e ki kenbe Ayisyen/Ayisyèn ki ekonomikman fèb yo, ki pale kreyòl sèlman yo, e/oswa ki analfabèt yo, ni tou Ayisyen/Ayisyèn *« peyi andeyò »* yo (nan vil pwovens oswa nan bouk yo) lwen espas ak pwosesis desizyon nasyon an. Li pran angajman pou li fè pwomosyon, nan sosyete ayisyèn la, konsèp patisipasyon ak enklizyon, ni tou pou li sèvi ekzanp nan chèche fè tout moun alawonnbadè patisipe nan pwogram ak pwojè li yo.

- **Enpasyalite politik:** Konotasyon politik misyon LFHH la envite li montre sajès ak bon sans nan zafè relasyon li ak gouvènman an epi ak pati politik yo. LFHH kenbe endepandans li lè li ap chèche kolaborasyon ak tout pati politik yo san eksepsyon, e li evite tout desizyon ni aksyon ki ka pèmèt zòt akize li deske li pran pati pou youn oswa pou lòt.

- **Sèvis:** Kòm li kwè ke *«lidèchip»* vle di menm bagay ke *«sèvis»*, e kòm li ap travay pou fè pwomosyon konsèp sila nan tout sektè politik ak prive sosyete ayisyèn nan, LFHH manifeste volonte li pou li rann sosyete ayisyèn nan ak rezo mondyal TI la sèvis, ak aksyon li yo, pwogram ak pwojè li yo, ni tou ak disponiblite li pou satisfè demann sipò ke Leta ayisyen, enstitisyon lokal yo, Sekretarya ak lòt seksyon nasyonalTI yo ka pwodui.

Sous ak referans

Pou li te ka ekri ti liv sila, LFHH te konsilte e te repwodui enfòmasyon ki nan liv ak nan tèks sa yo:

- ***Combattre la corruption: les enjeux et les défis*** (*Batay kont koripsyon: Defi yo, ak sa nou ka genyen oswa pèdi nan jwèt la*)- Se yon adaptasyon an franse ke seksyon afrikèn ak ayisyèn ***Transparency International*** yo fè a pati de **TI Sourcebook** la (Liv resous TI) ke Jeremy Pope te redije Edisyon Karthala (2002) ;
- ***L'Etat des lieux de la corruption en Haïti (2003)*** (*Evalyasyon sitiyasyon koripsyon an ann Ayiti*) - rapò sou sondaj LFHH te reyalize yo, Francis Gratia & Asosye pou LFHH (2004) ;
- ***On the cultural transmission of corruption*** (*Sou transmisyon koripsyon an pa la kilti*) - Esther Hauk ak Maria Saez Marti, Fakilte Syans Ekonomik Stokòlm (1999) ;
- ***Haitian Proverbs*** (*Pwovèb Ayisyen*), ki nan sit entènèt http://haitianproverbs.com/;
- ***Promouvoir la bonne gestion, lutter contre la corruption*** (*Fè pwomosyon bòn jesyon, batay kont koripsyon*) - dokiman travay TI, diskou Dieter Frisch nan Seminè sou «Transparans nan Jesyon Afè Piblik yo », nan Daka, Senegal (1999) ;
- ***Human rights and business ethics: Fashioning a new social contract*** (*Dwa moun ak etik nan biznis: Fè yon nouvo kontra sosyal pran fòm*) - Dokiman travay TI, Dr. George Stewart Moody ;
- ***The costs of grand corruption*** (*Enpak ekonomik gwo koripsyon*) - dokiman travay TI, Dr Wesley Cragg, TI Kanada;
- ***The role of business in fostering transparency*** (*Wòl sektè biznis la nan zafè ankouraje transparans*) - dokiman nevyèm IACC a, Diban, Afrik di Sid (1999), Vladimir Bykov.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou LFHH, ak sou pwogram ak pwojè li yo, ni tou pou resevwa bilten trimestriyèl li a, «Transparence Haïti», oswa pou pote sipò ou nan travay Fondasyon an, kontakte Sekretarya ekzekitif li a:

Bwat postal 16136
Biwo postal Petyonvil
Petyonvil, Ayiti HT 6140
Imel: heritagehaiti@yahoo.com
Telefòn: (509) 513-7089.